

[Tanggal 22 Juli 2004]

Pranata Pembukuan & Catetan lan Anti-Suap

Undhang-undhang Laku Korupsi Manca

Anyar mulai Pub. L. 105-366 (10 Nopember 1998)

KODE AMERIKA SERIKAT

JUDUL 15. PERDAGANGAN LAN PERNIAGAAN

BAB 2B—PASAR SEKURITAS

§ 78m. Lapuran ajeg lan lapuran-lapuran liyane

(a) Lapuran dening sing ngetokake sekuritas; isi

Saben perusahaan sing ngetokake sekuritas sing didhaptar miturut bagean 78l saka judul iki kudu ngajukake marang Komisi, mituruti aturan lan angger-angger sing dianggep perlu utawa samesthine karo Komisi kanggo pangayoman sing samesthine marang investor lan kanggo mastekake adol-tukune sekuritas sing kanthi wajar--

(1) katrangan lan dokumen (sarta salinane) kaya sing disyaratake Komisi supaya katrangan lan dokumen sing perlu dibarengake utawa diajukake barengan pratelan pendhaptaran utawa lamaran sing pengajuane mituruti bagean 78l saka judul iki dijaga tetep anyar , kejaba kabeh dokumen kontrak sing kaleksanan sadurunge tanggal 1 Juli 1962, sing ora disyaratake Komisi kanggo diajukake.

(2) lapuran taunan (sarta salinane), sing yen disyaratake karo pranata lan angger-anggere Komisi kudu disahake karo akuntan publik mandiri, lan lapuran triwulan (sarta salinane) kaya sing dijaluk Komisi.

Saben perusahaan sing ngetokake sekuritas sing didhaptar nang pasar sekuritas nasional uga kudu ngajukake duplikat asline katrangan, dokumen, lan lapuran marang pasar sekuritas.

(b) Wujud lapuran; pembukuan, catetan, lan akunting njerone perusahaan; panuduh

* * *

(2) Saben perusahaan sing ngetokake sekuritas sing kelas sekuritase kedhaptar mituruti bagean 78l saka judul iki lan saben perusahaan sing

ngetokake sekuritas sing kudu ngajukake laporan miturut bagean 78o(d) saka judul iki kudu--

(A) nggawe lan nyimpen pembukuan, catetan, sarta rekening (akun), sing cukup rinci nduduhake transaksi lan disposisi aset perusahaan sing ngetokake sekuritas; lan

(B) nggawe sarta ngrawat sistem kanggo ngendhalekake akunting njerone perusahaan sing cukup menehi jaminan sing bisa dinalar yen--

(i) transaksi dileksanakake miturut wewenang umum utawa khusus saka manajemen;

(ii) transaksi dicatet saperlune wae (I) kanggo persiapan nggawe pratelan kauangan kang miturut prinsip-prinsip akuntansi sing wis ditrima wong akeh utawa kriteria-kriteria liyane kanggo pratelan kuwi, lan (II) kanggo njaga tanggung jawab aset;

(iii) Akses marang aset mung oleh dileksanakake miturut wewenang umum utawa khusus saka manajemen; lan

(iv) tanggung jawab aset sing dicatet dibandingake karo aset sing wis ana ing sasuwene wektu sing bisa dinalar lan yen ana sing beda bakal ditindak kanthi samesthine.

(3) (A) Bab prakara sing ana hubungane karo katentreman ing njero negara Amerika Serikat, ora ana tugas utawa kuwajiban miturut paragraf (2) saka anak bagean iki sing bakal dileksanakake marang wong sing tumindak ngewangi pimpinan departemen utawa lembaga Federal sing ngurusi prakara kuwi yen tumindak ngewangi kuwi didhasarake marang pinuduh khusus lan tertulis saka pimpinan departemen utawa lembaga kuwi miturut wewenang saka Presiden kanggo ngetokake pinuduh kuwi. Saben pinuduh sing ditokake miturut paragraf iki kudu netepake kasunyatan lan kahanan khusus bab pranata sing endi saka paragraf iki sing bakal kasebut. Saben pinuduh kuwi yen ora dianyarake kanthi tulisan, bakal kedhaluwarsa setaun sawise tanggal ditokake.

(B) Saben pimpinan departemen utawa lembaga Federal Amerika Serikat sing ngetokake pinuduh miturut paragraf iki kudu nyimpen arsip komplite kabeh pinuduh kuwi lan saben taun tanggal 1 Oktober kudu ngirimake ringkesan prakara sing klebu ing njerone pinuduh kuwi, sing dileksanakake kapan wae sajeroné tahun winginane, marang Panitia Pemilihan Intelijen DPR AS lan Panitia Pemilihan Intelijen Senat AS.

(4) Ora ana hukuman pidana kanggo sing ora bisa netepi persyaratane paragraf (2) saka anak bagean iki, kejaba yen kasebut ing paragraf (5) saka anak bagean iki.

(5) Ora ana sing oleh kanthi sadar motong dalan utawa kanthi sadar ora bisa ngelaksanakake sistem kanggo ngendhalekake akunting ing njerone perusahaan utawa kanthi sadar malsukake pembukuan, catetan, utawa rekening sing kasebut ing paragraf (2).

(6) Yen perusahaan sing ngetokake sekuritas sing kelas sekuritase kedhaptar miturut bab 78l saka judul iki utawa sing kudu ngirim laporan miturut bagean 78o(d) saka judul iki nduwe kuwasa *voting* sing gedhene 50 persen utawa kurang ing perusahaan domestik utawa manca, pranata paragraf (2) mung nyaratake perusahaan sing ngetokake sekuritas kuwi migunakake pengaruhe kanthi niat apik lan sawajare miturut kahanane sing ngetokake sekuritas, supaya perusahaan domestik utawa manca kuwi nggawe lan ngrawat sistem kanggo ngendhalekake akunting ing njerone perusahaan miturut paragraf (2). Kahanan iki nyakup sepira akehe sahame sing ngetokake sekuritas ning perusahaan domestik utawa manca sarta angger-angger lan laku kang ngatur kaleksanane bisnis ing negara panggonane perusahaan kuwi. Perusahaan sing ngetokake sekuritas sing nduduhake ihtiyar kang becik kanggo nggunakake pengaruhe bakal disimpulake wis netepi persyaratane paragraf (2).

(7) Kanggo paragraf (2) saka anak bagean iki, tembung "jaminan sing bisa dinalar" lan "cukup rinci" tegese derajat rincian lan jaminan sing bakal nggawe senenge pejabat kang ngati-ati nindakake urusane dhewe.

* * *

§ 78dd-1 [Bagean 30A Undhang-undhang Pasar &

Sekuritas Taun 1934]. Laku perdagangan manca kang

dilarang dening sing ngetokake sekuritas

(a) Larangan

Kabeh perusahaan sing ngetokake sekuritas sing kelas sekuritase kedhaptar miturut bagean 78l saka judul iki utawa sing kudu ngajukake laporan miturut bagean 78o(d) saka judul iki, utawa kabeh pejabat, direktur, pegawe, utawa agen saka perusahaan sing ngetokake sekuritas kuwi utawa kabeh sing ndhuweni saham ning perusahaan sing ngetokake sekuritas kuwi kang tumindak atas jenenge sing ngetokake sekuritas, ora oleh migunakake layang utawa sarana utawa anak lembagane perdagangan antar negara bagean kanthi korupsi kanggo nyepetake utawa nggampangake tawaran, bayaran, utawa janji arep mbayar, utawa wewenang kanggo mbayar dhuwit, utawa tawaran, hadiah, janji arep menehi hadiah, utawa wewenang kanggo menehi barang sing ana regane marang--

(1) pejabat manca endhi wae sing tujuane--

(A) (i) mengaruhi tumindake utawa keputusane pejabat manca kuwi ing njerone kuwasa resmine, (ii) mengaruhi pejabat manca kuwi supaya ngelaksanakake utawa ora ngelaksanakake tumindak kang nglanggar tugas resmine pejabat kuwi, utawa (iii) nggayuh keuntungan kang ora samesthine; utawa

(B) mengaruhi pejabat manca kuwi supaya migunakake pengaruhe ing pemerintahan manca utawa anak lembagane kanggo mengaruhi tumindak utawa keputusane pemerintah utawa anak lembaga kuwi,

supaya ngewangi perusahaan sing ngetokake sekuritas nggayuh utawa mertahanake bisnis kanggo utawa karo, utawa ngarahake bisnis marang, wong sapa wae;

(2) parpol manca utawa pejabat utawa calon pejabat kanggo kantor politik manca sing tujuane—

(A) (i) mengaruhi tumindake utawa keputusane partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi ing njerone kuwasa resmine, (ii) mengaruhi partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi supaya ngelaksanakake utawa ora ngelaksanakake tumindak kang nglanggar tugas resmine partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi, utawa (iii) nggayuh keuntungan kang ora samesthine; utawamengaruhi partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi supaya migunakake pengaruhe ing pemerintahan manca utawa anak lembagane kanggo mengaruhi tumindak utawa keputusane pemerintah utawa anak lembaga kuwi,

supaya ngewangi perusahaan sing ngetokake sekuritas nggayuh utawa mertahanake bisnis kanggo utawa karo, utawa ngarahake bisnis marang, wong sapa wae; utawa

(3) wong sapa wae, sanadyan weruh yen kabeh utawa sebagian dhuwit utawa barang sing ana regane bakal ditawarake, diwenehake, utawa dijanjeake, kanthi langsung utawa ora langsung, marang pejabat manca endi wae, marang parpol manca endi wae utawa pejabat, utawa marang calon pejabat kantor politik manca endi wae, sing tujuane--

(A) (i) mengaruhi tumindake utawa keputusane pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat kuwi ing njerone kuwasa resmine, (ii) mengaruhi pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi supaya ngelaksanakake utawa ora ngelaksanakake tumindak kang nglanggar tugas resmine pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi, utawa (iii) nggayuh keuntungan kang ora samesthine; utawa

(B) mengaruhi pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi supaya migunakake pengaruhe ing pemerintahan manca utawa anak-anak lembagane kanggo mengaruhi tumindak utawa keputusane pemerintah utawa anak lembaga kuwi,

supaya ngewangi perusahaan sing ngetokake sekuritas nggayuh utawa mertahanake bisnis kanggo utawa karo, utawa ngarahake bisnis marang, wong sapa wae.

(b) Pengecualian kanggo tumindake pemerintah kang ajeg

Anak bagean (a) lan (g) saka bagean iki ora bisa dileksanakake tumrap bayaran marang pejabat, parpol, utawa pejabat partai manca sing tujuane kanggo nyepetake utawa

mastekake pelaksanaan tumindake pemerintah kang ajeg dening pejabat partai, parpol utawa pejabat manca.

(c) Pembelaan kang negesake Pembelaan kang negesake tumrap

tumindak sing mituruti anak bagean (a) utawa (g) saka bagean iki

yaiku yen--

(1) bayaran, hadiah, tawaran, utawa janji arep menehi apa wae sing ana regane sing wis dileksanakakenetepi hukum lan angger-angger ing negarane pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca; utawa

(2) bayaran, hadiah, tawaran, utawa janji arep menehi apa wae sing ana regane sing wis dileksanakake kuwi dhuwit metu sing wajar lan sah, kaya biyaya lunga lan penginepan, sing dianggo dening utawa atas jenenge calon, pejabat partai, partai, utawa pejabat manca lan langsung ana hubungane karo--

(A) upaya mayokake, menehi conto utawa menehi katrangan bab barang utawa layanan; utawa

(B) kaleksanane kontrak karo pemerintahan manca utawa lembagane.

(d) Pinunjuk dening Jeksa AgungOra luwih saka setaun sawise tanggal 23 Agustus 1988, sawise rerembungan karo Komisi, Menteri Perdagangan AS, Perwakilan Dagang AS, Menteri Urusan Mancanegara AS, lan Menteri Keuangan AS, lan sawise oleh pendapat saka kabeh wong kang nduweni kaperluan liwat sarana pawarta marang wong akeh lan tata cara kanggo menehi pratelan, Jeksa Agung bakal nentuake nganti sepiro adohe kataatan marang bab iki bisa ditingkatake lan sarta sapiro adohe masyarakat bisnis bisa dibantu dening katrangan kang luwih akeh bab pranata-pranata sakdurunge bagean iki, sarta adedhasar saka katentuan iki lan nganti saperlune sarta samestine Jeksa Agung bisa ngetokake--

(1) pinunjuk kang njelasake jinis-jinis prilaku tertamtu, sing ana hubungane karo jinis pangaturan dodolan ekspor lan kontrak bisnis, sing miturut Jeksa Agung bakal netepi pranata-pranata sadurunge bagean iki miturut kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki; lan

(2) tata cara umum kanggo tumindak kang ngati-ati sing bisa digunakake karo sing ngetokake sekuritas kanthi sukarela supaya tumindake mituruti kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki.

Jeksa Agung bakal ngetokake pinunjuk sarta tata cara sing kasebut ing ukara sadurunge sing mituruti pranata-pranata ing anak bagean II, bagean 5, judul 5 lan pinunjuk sarta tata cara kuwi bakal diatur dening pranata bagean 7 saka judul kuwi.

(e) Pendapate Jeksa Agung

(1) Sawise rerembungan karo departemen sarta lembaga Amerika Serikat sing samesthine lan sawise mangertine pendapat saka kabeh wong kang nduweni kaperluan liwat sarana pawarta marang wong akeh lan tata cara kanggo menehi pratelan, Jeksa Agung bakal netepake tata cara kanggo menehi tanggapan tumrap pitakonan-pitakonan khusus saka sing ngetokake sekuritas masalah kataatan tumindake karo kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki. Ing njeroning 30 dina sawise nerima panjalukan kuwi, Jeksa Agung bakal menehi pendapat kanggo nanggepi panjalukan kuwi. Pendapat kudu njelasake yen tumindak tertamtu sing bakal dileksanakake bakal nerak kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki apa ora. Panjalukan pendapat liyane masalah tumindak tertamtu sing bakal dileksanakake liyane sing ana ning njabane cakupan tumindak sing wis kasebut ing panjalukan sadurunge, bisa diajukake marang Jeksa Agung. Ing tanggapan apa wae sing dileksanakake miturut pranata bagean iki, bakal ana praduga kang bisa dilawan yen tumindak, sing kasebut ing sawijine panjalukan saka sing ngetokake sekuritas lan sing wis ditanggepi karo Jeksa Agung yen tumindak kuwi mituruti kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki, wis netepi pranata-pranata sadurunge bagean iki. Praduga kuwi bisa dilawan dening bukti-bukti kang kuwat. Wektu ngerembugake praduga kanggo paragraf iki, pengadilan kudu nimbang kabeh faktor sing ana hubungane, termasuk nanging ora dibatesi karo bener lan komplite katrangan sing diajukake marang Jeksa Agung lan kalebon apa orane katrangan kuwi ing cakupane tumindak sing kasebut ing panjalukan sing ditrima Jeksa Agung. Jeksa Agung bakal netepake tata cara sing diwajibake dening paragraf iki sing mituruti pranata-pranata ing anak bagean II, bagean 5, judul 5 lan tata cara kuwi bakal diatur dening pranata bagean 7 saka judul kuwi.

(2) Dokumen utawa materi liyane sing diwenehake marang, ditrima dening, utawa disiapake ing njerone Departemen Kehakiman utawa departemen utawa lembaga Amerika Serikat liyane, sing ana hubungane karo panjalukane sing ngetokake sekuritas miturut tata cara kang kasebut ing paragraf (1), ora perlu dibeber miturut bagean 552, Judul 5 sarta ora oleh disediaake kanggo wong akeh, tanpa perduli yen Jeksa Agung nanggepi panjalukan kuwi utawa sing ngetokake sekuritas mbatalake panjalukane sadurunge ana tanggapan, kejaba ana sarujukan saka sing ngetokake sekuritas.

(3) Sapa wae sing ngetokake sekuritas, sing wis ngajukake panjalukan marang Jeksa Agung miturut paragraf (1) bisa mbatalake panjalukan kuwi sadurunge ana pendapat saka Jeksa Agung

kanggo nanggepi panjalukan kuwi. Kabeh panjalukan sing dibatalake ora dhuwe kuwasa utawa pengaruh.

(4) Sabisa-bisane yen dianggep bisa dileksanakake, Jeksa Agung nyediakake pinunjuk kang tepat wektu masalah kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki marang calon eksportir sarta perusahaan cilik sing ora bisa nggayuh pitutur khusus bab prakara sing ana hubungane karo pranata-pranata kuwi. Pinunjuk kuwi kudu diwatesi mung kanggo tanggepane panjalukan miturut paragraf (1) bab kataatane tumindak tertamtu sing bakal dileksanakake marang kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki sarta katrangan umum bab tanggung jawab kanggo netepi lan bakal kuwajiban miturut pranata-pranata sadurunge bagean iki.

(f) Panegesan

Kanggo bagean iki:

(1) A) Tembung “pejabat manca” tegese punggawa utawa pegawe pemerintah manca utawa departemen, lembaga utawa anak-anak lembagane, utawa organisasi umum donya, utawa wong sing tumindak kanggo utawa atas jenenge pemerintah, departemen, lembaga utawa anak-anak lembaga kuwi, utawa kanggo utawa atas jenenge organisasi umum donya.

(B) Kanggo anak paragraf (A), tembung “organisasi umum donya” tegese--

- (i) organisasi sing ditetepake dening Printah Eksekutif miturut bagean 1 saka Undhang-undhang Kekebalan Organisasi Donya (22 U.S.C. § 288); utawa
- (ii) organisasi donya sing ditetepake dening Presiden nganggo Printah Eksekutif kanggo bagean iki, sing bisa dileksanakake mulai tanggal metune perintah kuwi ing Catetan Federal.

(2) (A) Pikirane wong bisa diarani “ngerti” bab tumindak, kahanan, utawa kasil yen--

- (i) wong kuwi sadar yen awake dhewe melu tumindak, yen kahanan kuwi pancen ana, utawa yen kasil kuwi wis mesti katene kedaden; utawa
- (ii) wong kuwi yakin tenan yen kahanan kuwi ana utawa kasil kuwi wis mesti katene kedaden.

(B) Nalika wawasan bab ana orane kahanan tertamtu dadi syarate sawijine prakara bab nerak pepacuhing negara, wawasan kuwi dianggep ana yen

wong kuwi weruh kahanan kuwi kemungkinan gedhe ana, kejaba wong kuwi bener-bener percaya yen kahanan kuwi ora ana.

(3) (A) Tembung “tumindak pemerintah kang ajeg ” tegese mung tumindak sing biasa lan umum dileksanakake dening sawijine pejabat manca kanggo—

(i) golek ijin, lisensi, utawa dokumen resmi liyane supaya sawijine wong bisa nindakake bisnis ing sawijine negara manca;

(ii) nggarap dokumen pemerintah, misale visa lan perintah penggawean;

(iii) nyediakake pengayoman pulisi, layanan kanggo ngirim lan njupuk layang, utawa pemeriksaan jadwal sing ana hubungane karo kaleksanane kontrak utawa pemeriksaan sing ana hubungane karo *transit* barang nyebrangi negara;

(iv) nyediakake layanan tilpun, sedhiyan listrik lan banyu, bongkar momot kargo, utawa njaga barang utawa komoditas sing gampang rusak supaya ora rusak; utawa

(v) tumindak kang mirip sipate.

(B) Tembung “tumindak pemerintah kang ajeg” ora termasuk keputusan dening pejabat manca bab, lan syarat-syarat, menahi bisnis anyar marang, utawa nerusake bisnis karo pihak tertamtu, utawa kabeh tumindak sawijine pejabat manca sing melu kalibet ning proses nggawe keputusan kanggo menahi bisnis anyar marang utawa nerusake bisnis karo pihak tertamtu.

(g) Pilihan Yurisdiksi

(1) Kabeh sing ngetokake sekuritas sing diatur miturut angger-anggere Amerika Serikat, utawa Negara Bagean, wilayah, milik, utawa persemakmurane Amerika Serikat utawa bagean-bagean politike sarta sing kelas sekuritas kedhaptar miturut bagean 12 saka judul iki utawa sing kudu ngajukake laporan miturut bagean 15(d) saka judul iki, utawa wong Amerika Serikat sing dadi pejabat, direktur, pegawe, utawa agen ning perusahaan sing ngetokake sekuritas kuwi utawa wong sing ndhuweni saham ning perusahaan kuwi kang tumindak atas jenenge sing ngetokake sekuritas, ora oleh tumindak kanthi korupsi nang njobone Amerika Serikat kanggo nyepetake utawa nggampangake tawaran, bayaran, janji arep mbayar, utawa wewenang kanggo mbayar dhuwit, utawa tawaran, hadiah, janji arep menahi hadiah, utawa wewenang kanggo menahi barang sing ana regane marang wong utawa badhan hukum sing kasebut ing paragraf (1), (2),

lan (3) saka anak bagean (a) ing bagean iki kanggo tujuan sing kasebut ning njerone, tanpa perduli yen sing ngetokake sekuritas utawa pejabat, direktur, pegawe, agen, utawa sing ndhuwe sahame migunakake layang utawa sarana utawa anak-anak lembaga kang ngurusi perdagangan antar negara bagean kanggo nggampangake tawaran, hadiah, bayaran, janji, utawa wewenang kuwi.

(2) Kaya sing digunakake ing anak bagean iki, tembung “wong Amerika Serikat” tegese warga negara Amerika Serikat (kaya sing ditegesake ing bagean 101 Undhang-undhang Kebangsaan lan Imigrasi (8 U.S.C. § 1101)) utawa perusahaan, kemitraan, asosiasi, perusahaan saham gabungan, perwalian bisnis, organisasi sing dudu perusahaan, utawa perusahaan sing isine mung siji wong, sing diatur miturut angger-anggere Amerika Serikat utawa Negara Bagean, wilayah, milik, utawa persemakmurane Amerika Serikat utawa bagean-bagean politike.

§ 78dd-2. Laku perdagangan manca kang dilarang

dening badhan (wong utawa perusahaan) domestik

(a) Larangan

Badhan (wong utawa perusahaan) domestik, saliyane perusahaan sing ngetokake sekuritas sing diatur bagean 78dd-1 saka judul iki, utawa pejabat, direktur, pegawe, lan agen badhan domestik kuwi utawa sing ndhuwe saham nang perusahaan kuwi, sing tumindake atas jenenge perusahaan domestik kuwi, ora oleh migunanake layang utawa sarana utawa anak-anak lembaga kang ngurusi perdagangan antar negara bagean kanthi korupsi kanggo nyepetake utawa nggampangake tawaran, bayaran, utawa janji arep mbayar, utawa wewenang kanggo mbayar dhuwit, utawa tawaran, hadiah, janji arep menehi hadiah, utawa wewenang kanggo menehi barang sing ana regane marang--

(1) pejabat manca endhi wae sing tujuane—

(A) (i) mengaruhi tumindak utawa keputusane pejabat manca kuwi ing njerone kuwasa resmine, (ii) mengaruhi pejabat manca kuwi supaya ngelaksanakake utawa ora ngelaksanakake tumindak kang nglanggar tugas resmine pejabat kuwi, utawa (iii) nggayuh keuntungan kang ora samesthine; utawa

(B) mengaruhi pejabat manca kuwi supaya migunakake pengaruhe ing pemerintahan manca utawa anak-anak lembagane kanggo mengaruhi tumindak utawa keputusane pemerintah utawa anak lembaga kuwi,

supaya ngewangi perusahaan domestik kuwi nggayuh utawa mertahanake bisnis kanggo utawa karo, utawa ngarahake bisnis marang, wong sapa wae;

(2) parpol manca utawa pejabate utawa calon pejabat kanggo kantor politik manca sing tujuane—

(A) (i) mengaruhi tumindak utawa keputusane partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi ing njerone kuwasa resmine, (ii) mengaruhi partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi supaya ngelaksanakake utawa ora ngelaksanakake tumindak kang nglanggar tugas resmine partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi, utawa (iii) nggayuh keuntungan kang ora samesthine; utawa

(B) mengaruhi partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi supaya migunakake pengaruhe ing pemerintahan manca utawa anak-anak lembagane kanggo mengaruhi tumindak utawa keputusane pemerintah utawa anak lembaga kuwi,

supaya ngewangi perusahaan domestik kuwi nggayuh utawa mertahanake bisnis kanggo utawa karo, utawa ngarahake bisnis marang, wong sapa wae;

(3) wong sapa wae, sanadyan weruh yen kabeh utawa sebagian dhuwit utawa barang sing ana regane bakal ditawarake, diwenehake, utawa dijanjeake, kanthi langsung utawa ora langsung, marang pejabat manca, marang parpol manca utawa pejabate, utawa marang calon pejabat kantor politik manca, sing tujuane--

(A) (i) mengaruhi tumindak utawa keputusane pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi ing njerone kuwasa resmine, (ii) mengaruhi pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi supaya ngelaksanakake utawa ora ngelaksanakake tumindak kang nglanggar tugas resmine pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi, utawa (iii) nggayuh keuntungan kang ora samesthine; utawa

(B) mengaruhi pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi supaya migunakake pengaruhe ing pemerintahan manca utawa anak-anak lembagane kanggo mengaruhi tumindak utawa keputusane pemerintah utawa anak lembaga kuwi,

supaya ngewangi badhan domestik kuwi nggayuh utawa mertahanake bisnis kanggo utawa karo, utawa ngarahake bisnis marang, wong sapa wae.

(b) Pengecualian kanggo tumindake pemerintah kang ajeg

Anak bagean (a) lan (i) saka bagean iki ora berlaku tumrap bayaran marang pejabat, parpol, utawa pejabat partai manca kanggo nyepetake utawa mastekake kaleksanane tumindake pemerintah kang ajeg dening pejabat, parpol utawa pejabat partai manca.

(c) Pembelaan kang negesake Pembelaan kang negesake

tumrap tumindak miturut anak bagean (a) utawa (i) saka bagean

yaiku yen--

- (1) bayaran, hadiah, tawaran, utawa janji arep menehi apa wae sing ana regane sing wis dileksanakake, ora nerak hukum lan angger-angger tertulis ning negarane pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca; utawa
-) bayaran, hadiah, tawaran, utawa janji arep menehi apa wae sing ana regane sing wis dileksanakake kuwi dhuwit metu sing wajar lan sah, kaya biyaya lunga lan penginepan, sing dianggo dening utawa atas jenenge calon pejabat partai, pejabat partai, partai, utawa pejabat manca lan langsung ana hubungane karo--

(A) upaya mayokake, menehi conto utawa menehi katrangan bab barang utawa layanan; utawa

(B) kaleksanane kontrak karo pemerintahan manca utawa lembagane.

(d) Keputusan pengadilan kanggo mulihake hak (Injunctive relief)

(1) Nalika Jeksa Agung wis weruh yen badhan domestik sing diatur bagean iki, utawa pejabat, direktur, pegawe, agen, utawa sing ndhuwe saham nang badhan domestik kuwi, kalibet, utawa katene kalibet, tumindak utawa laku kang nerak anak bagean (a) utawa (i) saka bagean iki, Jeksa Agung bisa sakarepe ngajukake tuntutan perdata marang pengadilan distrik Amerika Serikat kang samesthine kanggo nglarang tumindak utawa laku kuwi, lan sawise ana argumen utawa bukti sing samesthine, pengadilan bakal sarujuk netepake larangan tetep utawa perintah supaya ora tumindak (*restraining order*) sauntara wektu tanpa jaminan.

(2) Kanggo penyelidikan perdata sing miturut Jeksa Agung perlu lan samesthine kanggo ngleksanakake pranatane bagean iki, Jeksa Agung utawa wong sing wis ditunjuk nduwe kuwasa kanggo ngleksanakake sumpah lan panegesan, ngundang saksi pengadilan, nrima bukti-bukti, lan mrintahake produksine buku, makalah, utawa dokumen liyane sing dianggep dening Jeksa Agung ana hubungane utawa penting kanggo penyelidikan. Perintah supaya ana saksi lan produksi bukti dokumen bisa saka panggonan endi wae ing Amerika Serikat, utawa wilayah, milik, utawa persemakmuran Amerika Serikat, ing sembarang panggonan sing ditetepake kanggo ngrungoake pendapat,

(3) Yen ana panulakan tumrap printahe pengadilan dening wong sapa wae, utawa ora gelem mituruti undangan saka pengadilan kanggo wong sapa wae, Jeksa Agung bisa njaluk pitulungan pengadilan Amerika Serikat endi wae ing njero yurisdiksine panggonan kaleksanane penyelidikan utawa tuntutan hukum, utawa ing panggonan uripe wong kuwi utawa panggonan kaleksanane bisnis kuwi, kanggo mrintahake supaya ana saksi lan kesaksiane saksi, sarta

produksi buku, makalah utawa dokumen liyane. Sembarang pengadilan kuwi bisa ngetokake perintah kanggo njaluk wong supaya teka ngadhepi Jeksa Agung utawa wong sing wis ditunjuk dadi gantine, kanggo nduduhake catetan, yen dijaluk, utawa menahi kesaksian bab prakara sing lagi diselidiki. Sing ora matuhi printahe pengadilan kuwi bisa dihukum dening pengadilan jalaran ngina pengadilan.

Kabeh proses ing kasus kaya kuwi bisa dileksanakake iing distrik hukum ing panggonan uripe wong kuwi utawa panggonan ditemukake wong kuwi. Jeksa Agung bisa nggawe aturan sing ana hubungane karo penyelidikan perdata sing saperlune utawa samesthine kanggo ngleksanakake pranata anak bagean iki.

(e) Pinunjuk dening Jeksa Agung

Ora luwih saka 6 sasi sawise tanggal 23 Agustus 1988, sawise rerembungan karo Komisi Pasar lan Sekuritas, Menteri Perdagangan AS, Perwakilan Dagang AS, Menteri Urusan Mancanegara AS, lan Menteri Keuangan AS, sarta sawise oleh pendapat saka kabeh wong kang nduweni kaperluan liwat sarana pawarta marang wong akeh lan tata cara kanggo menahi pratelan, Jeksa Agung bakal nentuake nganti sepiro adohe kataatan marang bagean iki bisa ditingkatake sarta sapiro adohe masyarakat bisnis bisa dibantu dening katrangan kang luwih akeh bab pranata-pranata sadurunge bagean iki, sarta adedhasar saka katentuan iki lan nganti saperlune sarta sakmesthine Jeksa Agung bisa ngetokake--

(1) pinunjuk kang njelasake bab jinis-jinis tumindak tertamtu, sing ana hubungane karo jinis pangaturan dodolan ekspor lan kontrak bisnis, sing miturut Jeksa Agung bakal netepi pranata-pranata sadurunge bagean iki miturut kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki; lan

(2) tata cara umum kanggo tumindak kang ngati-ati sing bisa digunakake karo badhan domestik kanthi sukarela supaya tumindake mituruti kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki.

Jeksa Agung bakal ngetokake pinunjuk sarta tata cara sing kasebut ing ukara sadurunge sing mituruti pranata-pranata ing anak bagean II, bagean 5, judul 5 sarta pinunjuk lan tata cara kuwi bakal diatur dening pranata bagean 7 saka judul kuwi.

(f) Pendapate Jeksa Agung

(1) Sawise rerembungan karo departemen sarta lembaga Amerika Serikat sing samesthine lan sawise oleh pendapat saka kabeh wong kang nduweni kaperluan liwat sarana pawarta marang wong akeh lan tata cara kanggo menahi pratelan, Jeksa Agung bakal netepake tata cara kanggo menahi tanggapan tumrap pitakonan-

pitakonan tertamtu saka badhan domestik masalah kataatane tumindak karo kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki. Ing njerone 30 dina sawise nrima panjalukan kuwi, Jeksa Agung bakal ngetokake pendapat kanggo nanggapi panjalukan kuwi. Pendapat kudu njelasake yen tumindak tertamtu sing bakal dileksanakake bakal nglanggar kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki apa ora. Panjalukan pendapat liyane masalah tumindak tertamtu sing bakal dileksanakake liyane sing ana ning njabane cakupan tumindak sing kasebut ing panjalukan sadurunge, bisa diajukake marang Jeksa Agung. Ing tanggapan apa wae sing dileksanakake miturut pranata bagean iki, kudu ana praduga kang bisa dilawan yen tumindak, sing kasebut ing sawijine panjalukan saka badhan domestik lan sing wis ditanggapi karo Jeksa Agung yen tumindak kuwi mituruti kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki, wis netepi pranata-pranata sadurunge bagean iki. Praduga kuwi bisa dilawan dening bukti-bukti kang kuwat. Wektu ngerembugake praduga kanggo paragraf iki, pengadilan kudu nimbang kabeh faktor sing ana hubungane, termasuk nanging ora dibatesi karo bener lan komplite katrangan sing diajukake marang Jeksa Agung lan kalebon apa orane katrangan kuwi ing cakupane tumindak sing kasebut ing panjalukan sing ditrima dening Jeksa Agung. Jeksa Agung bakal netepake tata cara sing diwajibake dening paragraf iki sing mituruti pranata-pranata ing anak bagean II, bagean 5, judul 5 lan tata cara kuwi bakal diatur dening pranata bagean 7 saka judul kuwi.

(2) Dokumen utawa materi liyane sing diwenehake marang, ditrima dening, utawa disiapake ing njerone Departemen Kehakiman utawa departemen utawa lembaga Amerika Serikat liyane, sing ana hubungane karo panjalukane badhan domestik miturut tata cara kang kasebut ing paragraf (1), ora perlu dibeber miturut bagean 552, Judul 5 sarta ora oleh disediaake kanggo wong akeh, tanpa perduli yen Jeksa Agung nanggapi panjalukan kuwi utawa badhan domestik mbatalake panjalukane sadurunge ana tanggapan, kejaba ana sarujukan saka badhan domestik.

(3) Badhan domestik, sing wis ngajukake panjalukan marang Jeksa Agung miturut paragraf (1) bisa mbatalake panjalukan kuwi sadurunge ana pendapat saka Jeksa Agung kanggo nanggapi panjalukan kuwi. Kabeh panjalukan sing dibatalake ora dhuwe kuwasa utawa pengaruh.

(4) Sabisa-bisane yen dianggep bisa dileksanakake, Jeksa Agung nyediakake pinunjuk kang tepat wektu bab kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki marang calon eksportir sarta perusahaan cilik sing ora bisa nggayuh pitutur khusus bab prakara sing ana hubungane karo pranata-pranata kuwi. Pinunjuk kuwi kudu diwatesi mung kanggo tanggepane panjalukan miturut paragraf (1) bab kataatane tumindak tertamtu sing bakal dileksanakake marang kabijakan pelaksanaane Departemen Kehakiman saiki bab pranata-pranata sadurunge bagean iki sarta katrangan umum bab tanggung jawab kanggo netepi lan bakal kuwajiban miturut pranata-pranata sadurunge bagean iki.

(g) Hukuman

(1) (A) Badhan domestik sing dudu wong lan sing nerak anak bagean (a) utawa (i) saka bagean iki bakal kena denda sing jumlahe ora ngluwihi \$2.000.000.

(B) Badhan domestik sing dudu wong lan sing nerak anak bagean (a) utawa (i) saka bagean iki bakal kena denda perdata sing jumlahe ora ngluwihi \$10.000, dileksanakake dening Jeksa Agung.

(2) (A) Badhan manungsa utawa wong sing dadi pejabat, direktur, pegawe, utawa agen badhan domestik, utawa sing nduwe saham sing tumindak atas jenenge badhan domestik kuwi, sing kanthi sengaja nerak bagean iki bakal kena denda sing jumlahe ora ngluwihi \$100.000 utawa dikunjara sing suwine ora ngluwihi 5 tahun, utawa loro-lorone.

(B) Badhan manungsa (wong) sing dadi pejabat, direktur, pegawe, utawa agen badhan domestik, utawa sing nduwe saham sing tumindak aatas jenenge badhan domestik kuwi, sing nerak anak bagean (a) utawa (i) saka bagean iki bakal kena denda perdata sing jumlahe ora ngluwihi \$10.000 sing dileksanakake dening Jeksa Agung.

(3) Nalika denda dileksanakake miturut paragraf (2) marang pejabat, direktur, pegawe, agen utawa sing nduwe saham badhan domestik, denda kuwi ora oleh dibayar, kanthi langsung utawa ora langsung, dening badhan domestik kuwi.

(h) Panegesan

Kanggo bagean iki:

(1) Tembung “badhan domestik” tegese--

(A) Sopo wae sing dadi warga negara, warga negara sing dikuwasai Amerika Serikat (*nasional*), utawa penduduk Amerika Serikat; lan

(B) perusahaan, kemitraan, asosiasi, perusahaan saham gabungan, perwalian bisnis, organisasi sing dudu perusahaan, utawa perusahaan sing isine mung wong siji, sing panggonan utama bisnise ana ing Amerika Serikat, utawa sing diatur miturut angger-anggere Negara Bageane Amerika Serikat utawa wilayah, milik, utawa persemakmurane Amerika Serikat.

(2) A) Tembung “pejabat manca” tegese pejabat utawa pegawe pemerintah manca utawa departemen, lembaga utawa anak-anak lembagane, utawa organisasi umum donya, utawa wong sing tumindak resmine kanggo utawa atas jenenge pemerintah, departemen, lembaga utawa anak-anak lembaga kuwi, utawa kanggo utawa atas jenenge organisasi umum donya.

(B) Kanggo anak paragraf (A), tembung “organisasi umum donya” tegese--

(i) Organisasi sing ditetepake dening Printah Eksekutif miturut bagean 1 saka Undhang-undhang Kekebalan Organisasi Donya (22 U.S.C. § 288); utawa

(ii) organisasi donya endhi wae sing ditetepake dening Presiden nganggo Printah Eksekutif kanggo bagean iki, sing bisa dileksanakake mulai tanggal metune perintah kuwi ing Catetan Federal.

(3) (A) Pikirane wong bisa diarani “ngerti” bab tumindak, kahanan, utawa kasil yen--

(i) wong kuwi weruh yen awake melu tumindak, yen kahanan kuwi pancen ana, utawa yen kasil kuwi wis mesti katene kedaden; utawa

(ii) wong kuwi yakin tenan yen kahanan kuwi ana utawa kasil kuwi wis mesti katene kedaden.

(B) Nalika wawasan bab ana orane kahanan tertamtu dadi syarate sawijine prakara bab nerak pepacuhing negara, wawasan kuwi dianggep ana yen wong kuwi weruh kahanan kuwi kemungkinan gedhe ana, kejaba wong kuwi bener-bener percaya yen kahanan kuwi ora ana.

(4) (A) Tembung “tumindake pemerintah kang ajeg ” tegese mung tumindak sing biasa lan umum dileksanakake dening sawijine pejabat manca kanggo--

(i) golek ijin, lisensi, utawa dokumen resmi liyane supaya sawijine wong bisa nindakake bisnis ing sawijine negara manca;

(ii) nggarap dokumen pemerintah, misale visa lan perintah penggawean;

(iii) nyediakake pangayoman pulisi, jasa kanggo ngirim lan njupuk layang, utawa pemeriksaan jadwal sing ana hubungane karo kaleksanane kontrak utawa pemeriksaan sing ana hubungane karo *transit* barang nyebrangi negara;

(iv) nyediakake layanan tilpun, sedhiyan listrik lan banyu, bongkar momot kargo, utawa njaga barang utawa komoditas sing gampang rusak supaya ora rusak; utawa

(v) tumindak kang mirip sipate.

(B) Tembung “tumindake pemerintah kang ajeg” ora termasuk keputusan dening pejabat manca bab, lan syarat-syarat kanggo, menahi bisnis anyar marang, utawa nerusake bisnis karo pihak tertamtu, utawa kabeh

tumindake sawijine pejabat manca sing melu kalibet ing proses nggawe keputusan kanggo menehi bisnis anyar marang utawa nerusake bisnis karo pihak tertamtu.

(5) Tembung "perdagangan antar negara bagean" tegese perniagaan, perdagangan, transportasi antara negara-negara bagean, utawa antara negara manca lan negara bagean utawa antara negara bagean lan panggonan utawa kapal nang njabane negara bagean kuwi, lan tembung kuwi termasuk panganggone--

(A) tilpun utawa sarana komunikasi antar negara bagean liyane, utawa

(B) anak-anak lembaga antar negara bagean liyane.

(g) Pilihan Yurisdiksi

- (1) Wong Amerika Serikat ora oleh tumindak kanthi korupsi ning njabane Amerika Serikat kanggo nyepetake utawa nggampangake tawaran, bayaran, janji arep mbayar, utawa wewenang kanggo mbayar dhuwit, utawa tawaran, hadiah, janji arep menehi hadiah, utawa wewenang kanggo menehi barang sing ana regane marang wong utawa badhan hukum sing kasebut ing paragraf (1), (2), lan (3) saka anak bagean (a) kanggo tujuan sing kasebut ing njerone, tanpa perduli yen wong Amerika kuwi migunakake layang utawa sarana utawa anak-anak lembaga kang ngurusi perdagangan antar negara bagean kanggo nggampangake tawaran, hadiah, bayaran, janji, utawa wewenang kuwi.
- (2) Kaya sing digunakake ing anak bagean iki, tembung "wong Amerika Serikat" tegese warga Amerika Serikat (kaya sing ditegesake ing bagean 101 Undhang-undhang Kebangsaan lan Imigrasi (8 U.S.C. § 1101)) utawa perusahaan, kemitraan, asosiasi, perusahaan saham gabungan, perwalian bisnis, organisasi sing dudu perusahaan, utawa perusahaan sing isine mung siji wong, sing diatur miturut angger-anggere Amerika Serikat utawa Negara Bagean, wilayah, milik, utawa persemakmurane Amerika Serikat utawa bagean-bagean politike.

§ 78dd-3. Laku perdagangan manca kang dilarang dening wong saliyane sing ngetokake sekuritas utawa badhan domestik

(a) Larangan

Sapa wae saliyane sing ngetokake sekuritas sing diatur bagean 30A Undhang-undhang Pasar Sekuritas taun 1934 utawa badhan domestik kaya sing ditegesake ing bagean 104 Undhang-

undhang iki, utawa pejabat, direktur, pegawe, lan agene kuwi utawa sing ndhuwe sahame, sing tumindak atas jenenge wong kuwi, sauntara ana ing wilayahe Amerika Serikat, ora oleh migunakake layang utawa sarana utawa anak-anak lembaga kang ngurusi perdagangan antar negara bagean kanthi korupsi kanggo nyepetake utawa nggampangake tawaran, bayaran, utawa janji arep mbayar, utawa wewenang kanggo mbayar dhuwit, utawa tawaran, hadiah, janji arep menehi hadiah, utawa wewenang kanggo menehi barang sing ana regane marang--

(1) pejabat manca endhi wae sing tujuane--

(A) (i) mengaruhi tumindak utawa keputusane pejabat manca kuwi ing njerone kuwasa resmine, (ii) mengaruhi pejabat manca kuwi supaya ngelaksanakake utawa ora ngelaksanakake tumindak kang nglanggar tugas resmine pejabat kuwi, utawa (iii) nggayuh keuntungan kang ora samesthine; utawa

(B) mengaruhi pejabat manca kuwi supaya migunakake pengaruhe ing pemerintahan manca utawa anak-anak lembaga kanggo mengaruhi tumindak utawa keputusane pemerintah utawa anak lembaga kuwi,

supaya ngewangi wong kuwi nggayuh utawa mertahanake bisnis kanggo utawa karo, utawa ngarahake bisnis marang, wong sapa wae;

(2) parpol manca utawa pejabat utawa calon pejabat kanggo kantor politik manca sing tujuane—

(A) (i) mengaruhi tumindak utawa keputusane partai, pejabat, utawa calon pejabat ing njerone kuwasa resmine, (ii) mengaruhi partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi supaya ngelaksanakake utawa ora ngelaksanakake tumindak kang nglanggar tugas resmine partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi, utawa (iii) nggayuh keuntungan kang ora samesthine; utawa

(B) mengaruhi partai, pejabat, utawa calon pejabat kuwi supaya migunakake pengaruhe ing pemerintahan manca utawa anak-anak lembaga kanggo mengaruhi tumindak utawa keputusane pemerintah utawa anak lembaga kuwi,

supaya ngewangi wong kuwi nggayuh utawa mertahanake bisnis kanggo utawa karo, utawa ngarahake bisnis marang, wong sapa wae; utawa

(3) wong sapa wae, sanadyan weruh yen kabeh utawa sebagian dhuwit utawa barang sing ana regane bakal ditawarake, diwenehake, utawa dijanjeake, kanthi langsung utawa ora langsung, marang pejabat manca, marang parpol manca utawa pejabat, utawa marang calon pejabat kantor politik manca, sing tujuane--

(A) (i) mengaruhi tumindake utawa keputusane pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi ing njerone kuwasa resmine, (ii) mengaruhi pejabat, parpol, pejabat partai,

utawa calon pejabat manca kuwi supaya ngelaksanakake utawa ora ngelaksanakake tumindak kang nglanggar tugas resmine pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi, utawa (iii) nggayuh keuntungan kang ora samesthine; utawa

(B) mengaruhi pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca kuwi supaya migunakake pengaruhe ing pemerintahan manca utawa anak-anak lembagane kanggo mengaruhi tumindak utawa keputusane pemerintah utawa anak lembaga kuwi,

supaya ngewangi wong kuwi nggayuh utawa mertahanake bisnis kanggo utawa karo, utawa ngarahake bisnis marang, wong sapa wae.

(b) Pengecualian kanggo tumindake pemerintah kang ajeg

Anak bagean (a) saka bagean iki ora berlaku tumrap bayaran marang pejabat, parpol, utawa pejabat partai manca kanggo nyepetake utawa mastekake kaleksanane tumindake pemerintah kang ajeg dening pejabat partai, parpol utawa pejabat manca.

(c) Pembelaan kang negesake

Pembelaan kang negesake tumrap tumindak sing mituruti anak bagean (a) saka bagean iki yaiku yen--

(1) bayaran, hadiah, tawaran, utawa janji arep menehi apa wae sing ana regane sing wis dileksanakake, ora nglanggar hukum lan angger-angger ning negarane pejabat, parpol, pejabat partai, utawa calon pejabat manca; utawa

(2) bayaran, hadiah, tawaran, utawa janji arep menehi apa wae sing ana regane sing wis dileksanakake kuwi dhuwit metu sing wajar lan sah, kaya biyaya lunga lan penginepan, sing dianggo dening utawa atas jenenge calon, pejabat partai, partai, utawa pejabat manca lan langsung ana hubungane karo--

(A) upaya mayokake, menehi conto utawa menehi katrangan bab barang utawa layanan; utawa

(B) kaleksanane kontrak karo pemerintahan manca utawa lembagane.

(d) Keputusan pengadilan kanggo mulihake hak (Injunctive relief)

(1) Nalika Jekso Agung wis weruh yen sapa wae sing diatur bagean iki, utawa pejabat, direktur, pegawe, agen, utawa sing ndhuwe sahame, kalibet, utawa katene kalibet, tumindak utawa laku kang nerak anak bagean (a) saka bagean iki, Jeksa Agung bisa sakarepe ngajukake tuntutan perdata nang pengadilan distrik Amerika Serikat kang samesthine kanggo nglarang tumindak utawa laku kuwi, lan sawise ana argumen utawa bukti sing samesthine, pengadilan bakal

sarujuk netepake larangan tetep utawa perintah supaya ora tumindak (*restraining order*) sauntara wektu tanpa jaminan.

(2) Kanggo penyelidikan perdata sing miturut Jeksa Agung perlu lan samesthine kanggo ngleksanakake pranatane bagean iki, Jeksa Agung utawa wong sing wis ditunjuk nduwe kuwasa kanggo ngleksanakake sumpah lan panegesan, ngundangi saksi pengadilan, nrima bukti-bukti, lan mrintahake produksine buku, makalah, utawa dokumen liyane sing dianggep dening Jeksa Agung ana hubungane utawa penting kanggo penyelidikan. Perintah supaya ana saksi lan produksi bukti dokumen bisa saka panggonan endi wae ing Amerika Serikat, utawa wilayah, milik, utawa persemakmuran Amerika Serikat, ing sembarang panggonan sing ditetepake kanggo ngrungoake pendapat.

(3) Yen ana panulakan tumrap printahe pengadilan dening wong sapa wae, utawa ora gelem mituruti undangan saka pengadilan kanggo wong sapa wae, Jeksa Agung bisa njaluk pitulungan pengadilan Amerika Serikat endi wae ing njero yurisdiksine panggonan kaleksanane penyelidikan utawa tuntutan hukum, utawa ing panggonan uripe wong kuwi utawa panggonan kaleksanane bisnis kuwi, kanggo mrintahake supaya ana saksi lan kesaksiane saksi, sarta produksi buku, makalah utawa dokumen liyane. Sembarang pengadilan kuwi bisa ngetokake perintah kanggo njaluk wong supaya teka ngadhepi Jeksa Agung utawa wong sing wis ditunjuk dadi gantine, kanggo nduduhake catetan, yen dijuluk, utawa menehi kesaksian bab prakara sing lagi diselidiki. Sing ora matuhi printahe pengadilan kuwi bisa dihukum dening pengadilan jalaran ngina pengadilan.

(4) Kabeh proses ing kasus kaya kuwi bisa dileksanakake ing distrik hukum ing panggonan uripe wong kuwi utawa panggonan ditemukake wong kuwi. Jeksa Agung bisa nggawe aturan sing ana hubungane karo penyelidikan perdata sing saperlune utawa samesthine kanggo ngleksanakake pranata anak bagean iki.

(g) Hukuman

(1) (A) Badhan hukum sing nglanggar anak bagean (a) saka bagean iki bakal kena denda sing jumlahe ora ngluwihi \$2.000.000.

(B) Badhan hukum sing nglanggar anak bagean (a) saka bagean iki bakal kena denda perdata sing jumlahe ora ngluwihi \$10.000, sing dileksanakake dening Jeksa Agung.

(2) (A) Badhan manungsa/wong sing sengaja nglanggar anak bagean (a) saka bagean iki bakal kena denda sing jumlahe ora ngluwihi \$100.000 utawa dikunjara sing suwine ora ngluwihi 5 tahun, utawa loro-lorone.

(B) Badhan manungsa/wong sing nerak anak bagean (a) saka bagean iki bakal didenda perdata sing jumlahe ora ngluwihi \$10.000, sing dileksanakake dening Jeksa Agung.

- (3) Kapan wae denda dileksanakake miturut paragraf (2) marang pejabat, direktur, pegawe, agen utawa sing ndhuwe saham badhan hukum utawa wong, denda kuwi ora oleh dibayar, kanthi langsung utawa ora langsung, dening badhan hukum utawa wong kuwi.

(h) Panegesan

Kanggo bagean iki:

- (1) Tembung “badhan” nalika ngomongake sing nerak angger-angger, tegese badhan manungsa/wong saliyane warga negara sing dikuwasai Amerika Serikat (kaya sing ditegesake ing 8 U.S.C. § 1101) utawa perusahaan, kemitraan, asosiasi, perusahaan saham gabungan, perwalian bisnis, organisasi sing dudu perusahaan, utawa perusahaan sing isine mung siji wong, sing diatur miturut angger-anggere negara manca anak bagean politike
- (2) (A) Tembung “pejabat manca” tegese pejabat utawa pegawe pemerintah manca utawa departemen, lembaga utawa anak-anak lembagane, utawa organisasi umum donya, utawa wong sing tumindak resmine kanggo utawa atas jenenge pemerintah, departemen, lembaga utawa anak-anak lembaga kuwi, utawa kanggo utawa atas jenenge organisasi umum donya.

Kanggo anak paragraf (A), tembung “organisasi umum donya” tegese--

- (i) organisasi sing ditetepake dening Printah Eksekutif miturut bagean 1 saka Undhang-undhang Kekebalan Organisasi Donya (22 U.S.C. § 288); utawa
- (ii) organisasi donya endhi wae sing ditetepake dening Presiden nganggo Printah Eksekutif kanggo bagean iki, sing bisa dileksanakake mulai tanggal metune perintah kuwi ing Catetan Federal.
- (3) (A) Pikirane wong bisa diarani “ngerti” bab tumindak, kahanan, utawa kasil yen--
- (i) wong kuwi weruh yen awake dhewe melu tumindak, yen kahanan kuwi pancen ana, utawa yen hasil kuwi wis mesti katene kedaden; utawa
- (ii) wong kuwi yakin tenan yen kahanan kuwi ana utawa kasil kuwi wis mesti katene kedaden.

(B) Nalika wawasan bab ana orane kahanan tertamtu dadi syarate sawijine prakara bab nerak pepacuhing negara, wawasan kuwi dianggep ana yen wong kuwi weruh kahanan kuwi kemungkinan gedhe ana, kejaba wong kuwi bener-bener percaya yen kahanan kuwi ora ana.

- (4) (A) Tembung “tumindake pemerintah kang ajeg ” tegese mung tumindak sing biasa lan umum dileksanakake dening sawijine pejabat manca kanggo--

- (i) golek ijin, lisensi, utawa dokumen resmi liyane supaya sawijine wong bisa nindakake bisnis ing sawijine negara manca;
- (ii) nggarap dokumen pemerintah, misale visa lan perintah penggawean;
- (iii) nyediakake pangayoman pulisi, layanan kanggo ngirim lan njupuk layang, utawa pemeriksaan jadwal sing ana hubungane karo kaleksanane kontrak utawa pemeriksaan sing ana hubungane karo *transit* barang nyebrangi negara;
- (iv) nyediakake layanan tilpun, sedhiyan listrik lan banyu, bongkar momot kargo, utawa njaga barang utawa komoditas sing gampang rusak supaya ora rusak; utawa
- (v) tumindak kang mirip sipate.

(B) Tembung “tumindake pemerintah kang ajeg” ora termasuk keputusan dening pejabat manca bab, lan syarat-syarate, menehi bisnis anyar marang, utawa nerusake bisnis karo pihak tertamtu, utawa kabeh tumindake sawijine pejabat manca sing melu kalibet ning proses nggawe keputusan kanggo menehi bisnis anyar marang utawa nerusake bisnis karo pihak tertamtu.

(5) Tembung "perdagangan antar negara bagean" tegese perniagaan, perdagangan, transportasi antara negara-negara bagean, utawa antara negara manca lan negara bagean utawa antara negara bagean lan panggonan utawa kapal nang njabane negara bagean kuwi, lan tembung kuwi termasuk panganggone--

- (A) tilpun utawa sarana komunikasi antar negara bagean liyane, utawa
- (B) anak-anak lembaga antar negara bagean liyane.

§ 78ff. Hukuman

(a) Pelanggaran kang disengaja; katrangan kan palsu sarta mbujuki

Badhan (wong utawa perusahaan) kang sengaja nglanggar pranata saka bagean iki (saliyane bagean 78dd-1 saka judul iki), utawa aturan utawa angger-angger sawise iku sing pelanggaranane dianggep nerak hukum utawa sing pelaksanaane disyaratake miturut bab iki, utawa badhan (wong utawa perusahaan) kang sengaja sarta sadar nggawe utawa njalari supaya digawe, katrangan ning lamaran, lapuran, utawa dokumen kang kudu diajukake miturut bab iki utawa aturan utawa angger-angger sawise iku utawa tugas kang ana ning sawijine katrangan pendhaptaran kaya sing disediakake ing anak bagean (d) bagean 78 o judul iki, utawa dening organisasi kang ngatur awake dhewe sahungan karo lamaran supaya dadi anggota utawa

partisipasi ning njerone utawa supaya dhuwe hubungan karo sawijine anggotane, sing katranganane palsu utawa mbujuki bab kasunyatan penting endi wae, nalika diputusake pengadilan kudu didenda ora ngluwihi \$5.000.000, utawa dikunjara ora ngluwihi 20 taun, utawa loro-lorone, kejaba yen badhan (wong utawa perusahaan) kuwi badhan saliyane badhan manungsa/wong, dendane dadi ora ngluwihi \$25.000.000; nanging miturut bagean iki ora ana badhan (wong utawa perusahaan) sing dikunjara jalaran nerak aturan utawa angger-angger yen bisa mbuktikake badhan (wong utawa perusahaan) kuwi ora weruh bab aturan utawa angger-angger kuwi.

(b) Ora bisa ngajukake katrangan, dokumen, utawa lapuran

Yen sing ngetokake sekuritas ora bisa ngajukake katrangan, dokumen utawa lapuran sing kudu diajukake miturut anak bagean (d), bagean 78o, judul iki utawa aturan utawa angger-angger sawise iku, kudu mbayar denda marang Amerika Serikat sing jumlahe \$100 per saben dinane nganti bisa ngajukake. Denda kuwi, sing nggantekake denda pidana jalaran ora bisa ngajukake katrangan, dokumen utawa lapuran sing bisa dianggep ana miturut anak bagean (a) saka bagean iki, kudu dibayarake marang Departemen Keuangan Amerika Serikat lan yen ana tuntutan perdata, dhuwit kudu bisa dibalekake marang jenenge Amerika Serikat.

(c) Pelanggaran dening sing ngetokake sekuritas, pejabat, direktur, sing nyekel sahame, pegawene, utawa agen-agene

(1) (A) Any issuer that violates subsection (a) or (g) of section 30A of this title [15 U.S.C. § 78dd-1] shall be fined not more than \$2,000,000

(B) Sapa wae sing ngetokake sekuritas kang nerak anak bagean (a) utawa (g) saka bagean 30A judul iki [15 U.S.C. § 78dd-1] bakal didenda perdata sing jumlahe ora ngluwihi \$10.000, sing dileksanakake dening Komisi.

(2) (A) Kabeh pejabat, direktur, pegawe, utawa agene sing ngetokake sekuritas, utawa sing nyekel sahame sing tumindak atas jenenge sing ngetokake sekuritas kuwi, sing kanthi sengaja nerak anak bagean (a) utawa (g) saka bagean 30A judul iki [15 U.S.C. § 78dd-1] bakal didenda sing jumlahe ora ngluwihi \$100.000 utawa dikunjara sing suwine ora ngluwihi 5 tahun, utawa loro-lorone.

(B) Kabeh pejabat, direktur, pegawe, utawa agene sing ngetokake sekuritas, utawa sing nyekel sahame sing tumindak atas jenenge sing ngetokake sekuritas kuwi, sing nerak anak aturane anak bagean (a) utawa (g), bagean 30A, judul iki [15 U.S.C. § 78dd-1] bakal didenda perdata sing jumlahe ora ngluwihi \$10.000, sing utawa dikunjara sing dileksanakake dening Komisi.

(3) Nalika pejabat, direktur, pegawe, agen utawa sing ndhuwe sahame sing ngetokake sekuritas kena denda miturut paragraf (2), denda kuwi ora oleh dibayar, kanthi langsung utawa ora langsung, dening sing ngetokake sekuritas.

